



Pou Piblikasyon Imedya: 07/03/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KÒMANSMAN PWOJÈ POU AMELYORE
EKSPERYANS PASAJE NAN AYEWOPÒ ENTÈNASYONAL SYRACUSE HANCOCK**

***Gwo Konstriksyon ankou sou agrandisman Sal Nò a ak Nouvo Estasyon
Enspeksyon Federal la***

***Pwojè a resevwa 20 milyon dola nan Konpetisyon pou Devlopman ak
Revitalizasyon Ekonomik Ayewopò Rejyon Nò Eta Gouvènè a ki koute 230 milyon
dola***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a gwo konstriksyon an te kòmanse sou yon pwojè pou amelyore eksperyans pasaje yo nan Ayewopò Entènasyonal Albany (Albany International Airport) epi founi Sant New York yon platfòm vwayaj klas mondyal. Pwojè ekspansyon ak modènizasyon an, ki te resevwa 20 milyon dola nan Konpetisyon pou Devlopman ak Revitalizasyon Ekonomik Ayewopò Rejyon Nò Eta Gouvènè a ki koute 230 milyon dola, pral elaji Sal Nò ayewopò a pou bay lòt plas ak zòn konsesyon pandan l ap amelyore sikilasyon pasaje yo. Pwojè a pral gen ladan tou renovasyon dezyèm etaj bilding tèminal la nan lokal pòtay 15 la pou elaji etablisman Estasyon Enspeksyon Federal la, pou asire ayewopò a kenbe deziyasyon entènasyonal li a.

"Sant New York sou wout yon transfòmasyon san parèy ki pral pote nouvo enèji ak opòtinite ekonomik nan rejyon an epi n ap asire enfrastrikti transpò enpòtan nou an pare," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Amelyorasyon n ap fè nan Ayewopò Entènasyonal Syracuse Hancock pral kreye yon eksperyans ki pi akeyan pou rezidan yo ak vizitè Salt City epi yo pral ankouraje kwasans nan jenerasyon an ak avansman k ap fèt kounye a."

Lidè Majorite Sena a, Charles Schumer, te deklare, "Gwo investisman sa a vle di Ayewopò Entènasyonal Syracuse Hancock ka kòmanse travay sou renovasyon enpòtan yo epi finalman dekole konstriksyon ki dire lontan pou transfòme ayewopò a nan yon gwo sant pou tout rezidan, vizitè ak vwayajè yo. Lajan sa yo pral modènize ak elaji Hancock pou satisfè bezwen youn nan ayewopò k ap grandi pi rapid nan nasyon an epi sipòte demann ki ogmante pou sèvis ayeryen nivo istorik investisman federal ak eta atravè rejyon an te ankouraje. Yon ayewopò modèn ak byen konsève atire kliyan, devlope ayewopò a epi kreye siksè kontinyèl nan tout rejyon an. Mwen te yon defansè depi lontan pou founi lajan federal ki nesèsè yo nan ayewopò nò Eta New York nou yo

pou ranfòse ekonomi touris rejyon an epi voye kominote nou yo nan yon lòt nivo epi remèsye Gouvènè Hochul pou travay li pou kòmanse modènizasyon ak amelyorasyon enfrastrikti ki nesèsè anpil pou ede Sant NY devlope rapid pou ane k ap vini yo."

Ayewopò Entènasyonal Syracuse Hancock se te youn nan nèf ayewopò nò eta yo ki te resevwa yon total 230 milyon dola nan dènye faz finansman Konpetisyon pou Devlopman ak Revitalizasyon Ekonomik Ayewopò Rejyon Nò Eta [Gouvènè Hochul te anonse an 2022](#). Sibvansyon sa yo gen entansyon ankouraje, revitalize ak akselere investisman nan ayewopò komèsyal sèvis pou pasaje, k ap ede kreye ayewopò pou 21yèm syèk la.

Konstwi an 1949, Syracuse Hancock sèvi kòm yon zòn kaptaj ki etann li depi nan fwontyè Kanadyen an rive nan Pennsylvania epi jere plizyè transpòtè komèsyal yo.

Nouvo pwojè amelyorasyon an, ki gen yon pri total estime 28.5 milyon dola, pral ajoute apeprè 4,700 pye kare nan Sal Nò a, ki sèvi apeprè 40 pousan pasaje k ap vwayaje atravè etablisman an chak ane, epi ki bay plas pou amelyore sikilasyon pasaje yo, lòt zòn pou chita ak espas konsesyon. Konsepsyon an sipòte pi bon vantilasyon natirèl pou amelyore kalite lè a, ankouraje efikasite enèji atravè enstalasyon pano fenèt dinamik pou ogmante ekleraj natirèl ak nouvo kontwòl ekleraj ak detektè ki diminye ekleraj ki pa esansyèl pandan tan trankil yo. Ekipman bilding trè efikas la pral amelyore dirabilite ayewopò an tou.

Nou prevwa amelyorasyon tou nan Estasyon Enspeksyon Federal (Federal Inspection Station, FIS) Dwàn ak Pwoteksyon Fwontyè (Customs and Border Protection, CBP) ayewopò a pou asire enstalasyon an satisfè dènye estanda CBP yo epi prezève deziyasyon entènasyonal ayewopò a, ki gen ladan kapasite pou jere pasaje entènasyonal yo ak operasyon kago yo. Pwojè a pral enstale dènye ekipman FIS pou operasyon entènasyonal yo, sa ki pral pèmèt tretman 200 pasaje pou chak èdtan, ranplasman yon pasrèl anbakman avyon, enstalasyon yon nouvo tou asansè ak kawousèl pou bagaj ak kreyasyon yon sal datant adisyonèl ak espas pou anbake. Pwojè a gen ladan tou enstalasyon yon sistèm kontwòl ekleraj oryantasyon ak sipò pou pasaje ki pa tandè byen.

Nouvo pwojè a nan Syracuse Hancock bati sou pwojè renovasyon tèminal ki gen siksè ki te fini an 2018 epi, pami lòt amelyorasyon, te elaji tèminal prensipal pasaje yo epi konstwi yon nouvo fasad eksteryè ak tant pou kouvri kote pou depoze pasaje yo.

Dènye amelyorasyon yo nan ayewopò a pral konplete [plan Micron yo](#), yon fabrikasyon memwa ak depo ki baze Etazini ak katriyèm pi gwo pwodiktè semikondiktè nan mond lan, pou investi jiska 100 milya dola pandan plis pase 20 ane k ap vini yo pou konstwi yon kanpis fabrikasyon semikondiktè dènye kri nan Konte Onondaga, New York.

Depatman Transpò Eta New York (New York State Department of Transportation, NYSDOT) ap administre Konpetisyon pou Devlopman ak Revitalizasyon Ekonomik Ayewopò Rejyon Nò Eta a epi li te ouvri pou ayewopò sèvis pasaje komèsyal yo nan nò

eta a ak ayewopò ki te bay sèvis espesyalize pou avyon komèsyal ak/oswa avyon antrepriz yo. Yo te ankouraje aplikan yo pou aplike pou finansman yon sèl pwojè oswa yon pwogram pwojè ki pral ede satisfè demann 21yèm syèk la. Pwojè ayewopò elijib yo te soumèt pou revizyon yo te evalye sou baz kritè etabli, ki gen ladan men pa limite a inovasyon nan konsepsyon, ekipman pasaje yo ak eksperyans, efikasite operasyon, ak efikasite ekonomik pou rejyon ayewopò a.

Komisè Depatman Transpò Eta New York la, Marie Therese Dominguez, te deklare, "Gouvènè Hochul konprann ayewopò nò eta nou yo se pòtay ki ouvri pòt pou nouvo opòtinite pou touris ak kwasans ekonomik. Investisman n ap fè nan Ayewopò Entènasyonal Syracuse Hancock pral ede mennen ayewopò a nan yon lòt nivo – amelyore eksperyans pasaje yo – sa ki pèmèt plis limyè natirèl, fasilite mouvman pasaje yo atravè etablisman an ak operasyon ayewopò amelyore – tout bagay sa yo kreye yon bagay pozitif ak enpresyon dirab sou Sant New York kòm yon bon kote pou viv, travay ak vizite."

Senatè Eta a John Mannion, te deklare, "Mwen defann gwo nouvo investisman nan Ayewopò Entènasyonal Syracuse Hancock – ki gen ladan kreye yon fòs polis devwe – paske rejyon nou an bezwen yon ayewopò klas mondyal pou satisfè demann jodi a epi fasilite kwasans demen. Agrandi Sal Nò a ak modènize Estasyon Enspeksyon Federal la pral amelyore eksperyans pasaje yo, ranfòse ekonomi lokal nou an, kreye travay, epi fè Syracuse tounen yon destinasyon ki pi atiran pou biznis ak vwayajè yo. Mwen bat bravo pou lidèchip Gouvènè Hochul epi mwen kontinye konsantre sou bezwen Nò Eta New York, e mwen espere wè amelyorasyon enpòtan sa yo nan ayewopò a fini."

Prezidan Transpò Asanble a, Bill Magnarelli, te deklare, "Modènize ayewopò Syracuse Hancock pèmèt vil nou yo nan nò eta a kontinye rete yon motè nan devlopman ekonomik nan atire touris ak biznis yo ki andeyò vil la. Konpetisyon pou Devlopman ak Revitalizasyon Ekonomik Ayewopò Rejyon Nò Eta a pral bay lajan ki nesèsè pou ayewopò nou yo satisfè estanda jodi a yo an matyè enfrastrikti, teknoloji, sekirite ak pwoteksyon k ap chanje konstaman".

Manm Asanble Al Stirpe te deklare, "Investisman 20 milyon dola Gouvènè Hochul fè nan Ayewopò Entènasyonal Syracuse Hancock nan Konpetisyon pou Devlopman ak Revitalizasyon Ekonomik Ayewopò Rejyon Nò Eta a reprezante angajman li pou amelyore enfrastrikti transpò rejyon nou an epi amelyore eksperyans pasaje yo. Devlopman sa a esansyèl pou wòl Sant New York k ap grandi nan endistri semikondiktè ak kwasans iminan rejyon nou an. Pandan konstriksyon an kòmanse, nou make yon etap enpòtan nan direksyon pou modènize ayewopò nò New York yo."

Manm Asanble Pamela Hunter te deklare, "Amelyorasyon yo nan Ayewopò Entènasyonal Hancock fè pati yon seri pi gwo amelyorasyon enfrastrikti k ap fèt atravè Sant New York ak atravè eta a. Mwen kontan kontinye travay ak Gouvènè Hochul sou investisman istorik sa yo epi akeyi nouvo opòtinite investisman sa yo bay nan kominote nou yo."

Senatè Eta a, Rachel May, te deklare, "Ayewopò Entènasyon Syracuse Hancock la se yon platfòm enpòtan pou vwayajè yo nan Sant New York. Se poutèt sa, li enpòtan pou ayewopò a fasil pou navige, konfòtab ak ekipe avèk dènye teknoloji vwayajè yo espere. Pwojè ekspansyon 20 milyon dola a pral asire ayewopò a kontinye ofri sèvis ekselan nan yon bilding modèn pou ane k ap vini yo. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou sipò kontinyèl li, ki te rann li posib pou bay vwayajè Sant New York yo yon eksperyans nan ayewopò klas mondyal."

Chèf Egzekitif Konte Onondaga a Ryan McMahon te deklare, "Pa gen pi bon egzanp kwasans ak pwogrè kominote nou ap viv ke moun pa ka inyore pase Ayewopò Entènasyon Syracuse Hancock (SYR) la. Antanke youn nan ayewopò k ap grandi nan peyi a, Direktè Egzekitif Jason Terreri ak ekip li a te konnen ke yo t ap bezwen fè investisman enpòtan ak nesèsè pou yo kontinye bay bon jan kalite eksperyans pasaje yo ke SYR gen renome pou sa. Jodi a make kòmansman amelyorasyon sa yo ak konstriksyon k ap fèt pou elaji Sal Nò a ak ekspansyon Etablisman Estasyon Enspeksyon Federal la. Pwojè sa a te mande plizyè patnè, atravè plizyè sektè, pou yo reyini ansanm e mwen vle remèsye tout moun ki te ede fè sa vin yon reyalyte."

Majistra Ben Walsh te deklare, "Pandan Syracuse ak Sant New York kontinye ap grandi kòm yon destinasyon, investisman kontinyèl nan enfrastrikti transpò nou an enpòtan anpil. Ayewopò Entènasyon Syracuse Hancock relete renesans k ap fèt atravè rejyon nou an, epi mwen remèsye Gouvènè Hochul pou angajman li pou fè investisman ki amelyore eksperyans vwayaj la ak pwoteje deziyasyon Hancock kòm yon ayewopò entènasyon."

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)